

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Aspék Romantis dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* Karya Mh. Rustandi Kartakusuma (*Ulikan Psikologi Sastra*)” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita jeung aspék romantis diulik ku psikologi sastra anu aya dina ieu novel. Anu jadi objék dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma nu maluruh struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra). Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Robert Stanton jeung tiori cinta segitiga Robert Sternberg. Métode anu digunakeun nyaéta déskriptid analis kalawan téhnik studi pustaka.

Struktur carita anu nyampak dina ieu carita nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. **Téma** anu aya dina ieu novel nyaéta masalah rumah tangga jeung cinta. Lantaran dina jalan caritana pinuh ku masalah rumah tangga anu dikasang tukangan ku kasta sosial anu bédha, anu antukna Bu Danu teu méré doa ka Ir. Tatang jeung Anah. Bu Danu nalika nyaho budak jeung pamajikana diwiwirang, Bu Danu kalahkah beuki ngakéquéak Anah anu cacah kuricakan téa. Ahirna anah mutuskeun pikeun kabur ninggalkeun duriatna. Pikeun marjuangkeun duriatna cintana, Ir. Tatang ngabuktikeun yén kasta sosial téh teu mangaruhan kana cintana. **Fakta Carita** ngawengku galur, palaku, jeung latar. **Galur** anu digunakeun nyaéta galur mérélé, anu ngaruntuykeun kajadian-kajadian di awal-tengah-ahir. Ti mimiti ngawanohkeun palaku, mimiti ayana pasualan, puncak pasualan, nepi ka asup kana ahir carita. **Palaku** dina ieu carita aya 32 palaku nu ngalalakonan dina carita, tapi ngan 12 palaku anu digambarkeun watekna. Palaku utama dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* aya dua urang, nyaéta Ir. Tatang Danudireja salaku palaku utama lalaki jeung Anah salaku palaku utama awéwé. Palaku tambahanna aya Pa Ibrahim, Bi Icih, Bapa, Ema, Bu Danu (Mamih), Pa Danu (Papih), Yény, Zainal,

Réty, jeung Bu Fince. **Latar** dina ieu novel kabagi jadi dua, aya latar tempat jeung latar waktu. Aya genep latar tempat, nyaéta di Pasirhuni kampung Anah, di Réstoran Rengganis, di Gubernuran, di imah Anah jeu Tatang, di imah Danudireja, di kantor Ir. Tatang. Kurang leuwih aya tilu welas latar waktu dina ieu novel, nyaéta harita, ayeuna, subuh, peuting, beurang, poé, Rebo, satengah salapan, satengah dalapan, genep bulan, pukul tilu, pukul opat, bada isa, jeung siang. **Sarana sasta** anu ngawengku judul, gaya basa, jeung puseur implengan. **Puseur Implengan** anu digunakeun ku pangarang dina ieu carita nyaéta jalma kahiji salaku palaku utama. Pangarang di dieu asup salaku palaku utama, sarta ngagunakeun gaganti jalma. **Gaya Basa** anu kapanggih dina ieu carita nyaéta mijalma, rarahulan, ngaumpamakeun, kadalon jeung babasan paribasa.

Aspék romantis teu sakabéh palaku kapaluruh, panalungtik nyoko kana palaku utama lalaki jeung awéwé. Aspék romantis ieu ngagunakeun tiori cinta segitiga Robert Sternberg nyaéta aspék kaintiman, aspék napsu/gairah, aspék komitmen. Dumasar kana hasil analisisna, aspék kaintiman antara palaku utama Ir. Tatang jeung Anah anu kapaluruh larapna konsép aspék kaintiman antara tokoh Ir. Tatang Danudireja jeung Anah. konsép Aspék kaintiman saperti paripolah palaku nalika méré harta wanda jeung waktu ka nu dipikacinta, rasa empati ka jalma nu dipikacinta, komunikasi anu jujur ka jalma anu dipikacinta digambarkeun ku pangarang ngaliwatan kajadian-kajadian dina éta novel. Aspék napsu/gairan anu kapaluruh dina ieu novel nyaéta unggal cinta pasti dipangaruhan ku aspék romantis napsu/gairah. Kitu deui ieu novel ngagambarkeun kahirupan rumah tangga jeung cinta antara Ir. Tatang jeung Anah. Larapna aspék romantis napsu/gairah ieu digambarkeun ngaliwatan cara silih teuteup, paantel leungeun (*sentuhan*), cinta, jsb. Aspék komitmen anu kapaluruh dina ieu novel nyaéta mutuskeun/ komitmen pikeun ngajalankeun kahirupan rumah tangga jeung papada satia.

Kacindekan yén novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma miboga struktur carita anu lengkep, sanajan sacara basa masih loba anu kamalayon (Sunda-Walanda) jeung maké basa ragam loma.

Aspék romantis antara palaku utama ieu anu ngahirupkeun jalan carita ieu novel.

5.2 Implikasi

Implikasi ieu panalungtikan anu medar hasil analisis struktur jeung psikologi sastra dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma. Dumasar kana hasil analisis, ieu panalungtikan tangtu miboga kaojoyan jeung kahéngkérán. Sanajan ieu panalungtikan aya kahéngkérán tina sababaraha aspék, salasahijina sumber anu heureut tapi miboga implikasi dina widang paélmuan. Dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan élmu kasusastraan jeung bisa ngeuyeuban kamekaran psikologi sastra, hususna dina sastra Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun ku panyusun, pikeun panalungtikan sastra kahareupna nyaéta.

- 1) Perluna panalungtikan sastra, ku kituna panalungtik dipiharep leuwih jero nalungtik sastra hususna psikologi sastra.
- 2) Ambahan tiori psikologi sastra téh jembar pisan, ku kituna panalungtik sastra bisa leuwih neuleuman deui tiori ngeunaan psikologi sastra tuluy dipatalikeun jeung aliran romantisme.
- 3) Perluna panalungtikan kahareupna, lantaran ieu panalungtikan mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan sastra anu jembar. Ku kituna, pikeun panalungtikan sastra satulunya dipiharep bisa ngagunakeun tiori séjén pikeun ngajembarkeun ulikan ngeunaan sastra.